



AVI ESPESYAL

TÈS LAFIMEM NAN TIYO KANALIZASYON

Pou nou ka pi byen sèvi rezidan yo, Vil North Miami ap fè **tès lafimen nan sistèm kanalizasyon sanitè** nan katye ou. Tès lafimen se yon metòd ki efikas pou lokalize movè odè, flit, tiyo kraze, ak koneksyon ki pa dwe fèt nan kanalizasyon Vil la.

**Tès lafimen nan kanalizasyon yo ap fèt nan
72 zè kap vini yo antre 7:00 am ak 5:00 pm**

Lafimen ou wè ki soti nan tiyo vantilasyon sou do kay yo, oswa nan twou ki nan tè a, PA TÒKSIK, PA TACHE, SAN ODÈ, KOULÈ BLAN OSWA GRIS, EPI LI PA ANONSE DIFÈ. Si lafimen antre nan kay ou, tanpri louvri fenèt ak pòt yo pou vantile kay la epi avèti teknisyen yo ki ap fè tès la.

Deyò kay ou osinon kay vwazen ou, ou ka remake lafimen sòti nan:

- Tiyo kanalizasyon
- Goutyè ak tiyo desann dlo
- Soti nan tè a bò kote liy kanalizasyon yo

Andedan kay ou, lafimen oswa odè ka soti nan plonbri oswa aparèy yo. Sa endike ke gaz danjere ak odè dezagreyab nan kanalizasyon ka antre nan kay ou. Sa pa dwe rive si plonbri ou an nan bon eta. Ou ka diminye chans pou sa rive lè ou kite ase dlo koule nan lavabo, basen, ak douch pou ranpli koub ki nan kanalizasyon an ak dlo. Pa bliye tiyo drenaj sou planche yo.

Si lafimen antre nan kay ou osinon nan bilding ou, li rekòmande pou idantifye epi korije sous la. Reparasyon plonbri osinon liy kanalizasyon sou pwopriyete prive se responsablite pwopriyete a.

ENPÒTAN! Si gen yon moun nan kay ou oswa biznis ou ki gen pwoblèm respirasyon epi ki pa ka deplase, tanpri rele nou nan nimero sa a **(305) 895-9838** anvan tès yo fèt.

Mèsi

Pou plis enfòmasyon ale nan:
www.NorthMiamiFL.gov/SmokeTesting